



My Bodi Na My Bodi Bodi Safety Rules

www.mybodyismybody.com

YouTube

MY BODI NA MY BODI

Na me get my Bodi
Nobodi go touch me
Nobodi go touch my private parts Na
me be di Oga of my bodi !!

IF I NO DEY FEEL GOOD, NO DO AM

Oburu na ndi mmadu cho ka m mee ihe mma
na adighi nma
A ga m ekwu "MBA"
GA GWA YA MMADU

If people dey try make me do sometin wey
I know say e no good I go say "NO"
DEN I GO REPORT AM GIVE PERSIN

IF I GET ANY PROBLEM I GO TELL PERSIN

OWHO I GO FIT TELL?

I fit tell "Safe Adults"
(Safe Big people)

Mama or Papa,
Anti or Uncle
Grandmama or Grandpapa,
Teacher or Principal
Councillor

If dem no believe me

I go tell another persin
and I go still dey another persin
till persin gree help me



My Bodi Na My Bodi Bodi Safety Rules

www.mybodyismybody.com

YouTube

SAY NO TO SECRETS

If persin dey hurt me, bully me or dey do tins wey no dey make me feel alright, and dey come dey tell me I keep am as a secret -

I Go Say No To Secrets




**O NWE NSOGBU
OBULA M NWERE**

**A GA M AGWA
MMADU**

PRIVATE PARTS

My private parts na di part wey my swimming cloth or my underwear dey cover.

Nobodi go touch my private parts
Nobodi sopus ask me touch deir private part. Nobodi go take pictures of my private parts



**Draw line go each
of di body part**

Hair
Eyes
Nose
Mouth
Arms
Hands Fingers
Private Parts
Legs
Feet



**Draw line go each
of di body part**

Hair
Eyes
Nose
Mouth
Arms
Hands Fingers
Private Parts
Legs
Feet